

Fòm pou bay pèmisyon pou pataje enfòmasyon (PSI)



Itilize fòm sila si w vle bay MassHealth e Health Connector pèmisyon pou yo pale avèk yon lòt moun oubyen lòt òganism sou admisiblite w epi pataje kopi avi sou admisiblite ou yo.

Moun oubyen òganism sa gendwa se:

- yon fanmi, zanmi, oubyen yon moun ou fè konfyans,
- yon moun ki ede pran swen w,
- yon moun ki ede w ranpli fòm MassHealth oubyen Health Connector yo, oubyen
- yon anplwaye sèvis sosyal, avoka, oubyen gwoup defans dwa nan swen sante

Pa sèvi ak fòm sila si w vle

- bay yon lòt moun oubyen lòt òganism pèmisyon pou fè chanjman nan aplikasyon MassHealth ou a:
- enfòmasyon sou oumenm oubyen kopi pwòp dosyè pa ou yo (monte nan [www.mass.gov/info-details/masshealth-member-records-request.](http://www.mass.gov/info-details/masshealth-member-records-request))
Ou ka wè tou pwòp enfòmasyon ou yo sou admisiblite, tankou avi, aplikasyon, e renouvèlman, si ou gen yon MA Login oubyen yon kont MyServices nan mass.gov.;

- enfòmasyon sou pitit ou yo ki poko gen 18 an (ou jeneralman jwenn sa san yon fòm);
- enfòmasyon ou yo pataje bay founisè swen medikal ou a (yon fòm pa nesèsè pou founisè swen medikal ou a jwenn enfòmasyon ou yo); oubyen
- nonmen yon reprezantan nan apèl pou yon Odyans san patipri (ranpli seksyon ki aplikab yo nan fòmilè pou mande odyans san patipri a (Fair Hearings Request, FHR-1) OUBYEN ranpli yon Fòm pou deziyen yon reprezantan otorize (Authorized Representative Designation, ARD) ki ajou.

Enpòtan: Si w deside ou vle ranpli fòm sila, se pou w ranpli tout seksyon e chan ki aplikab yo, amwenske gen endikasyon ki di lekonntrè. Ekri lizibleman epi pa bliye siyen e date Seksyon 4 la. Si se yon reprezantan ki legalman deziyen ki ranpli fòm sila, se pou li siyen e date Seksyon 4 la.

Pou plis enfòmasyon sou kòman MassHealth itilize e pataje enfòmasyon ou yo, ou ka konsilte MassHealth Notice of Privacy Practices (Avi sou pratik vi prive) nou an nan: www.mass.gov/doc/masshealth-notice-of-privacy-practices/download

SEKSYON 1 Kòman aplikan an oubyen manm lan rele

Mwen bay pèmisyon pou MassHealth, Health Connector, e reprezantan li yo pataje enfòmasyon ki make nan Seksyon 2 sou

Non aplikan an oubyen manm lan k ap gen enfòmasyon li yo pataje

Ri a	Vil	Eta	Kòd postal
Dat nesans	Nimewo telefòn (fakiltatif)		
ID MassHealth (oubyen dènye 4 chif SSN yo) _____ (si w gen youn)			

SEKSYON 2 Pèmisyon pou MassHealth e Health Connector pale an detay sou admisiblite ou yo epi pataje kopi avi sou admisiblite ou yo

Moun oubyen òganism ou mete nan **Seksyon 3** a ap ka kontakte MassHealth e Health Connector pou li resevwa enfòmasyon ki dekri nan ti kare ki tcheke annapre a.

- Mwen bay MassHealth pèmisyon pou l fè sa ki annapre la:
- pale sou dosye MassHealth oubyen Health Connector mwen an, epi
 - pataje kopi avi sou admisiblite mwen yo avèk moun oubyen òganism ki make nan **Seksyon 3**.

Note byen: Si w mete yon tchèk nan ti kare sa a, MassHealth e Health Connector ap voye kopi avi sou admisiblite ou yo bay moun oubyen òganism ki nan Seksyon 3 a. Yo gendwa mande tou pou kopi avi sou admisiblite ou yo. Avi sa yo gendwa gen enfòmasyon finansyè e enfòmasyon sou kèk oubyen sou tout manm fwaye ou a.

Manm fwaye ou a ki gen 18 an oubyen ki pi gran ap gen pou yo ranpli epi siyen yon fòm PSI apa si yo vle resevwa yomenm avi sou admisiblite pa yo.

Èske w bay MassHealth e Health Connector pèmisyon tou pou yo pataje detay sou tretman pou dwòg e alkòl?

Wi Non

Pou ki rezon ou vle pataje enfòmasyon sa a?

Di nou pou ki rezon ou vle pataje enfòmasyon ki make nan seksyon sila. Si w pa mete anyen nan seksyon an, n ap pran sa kòm si ou di "lè mwen mande sa."

Si w bay MassHealth e Health Connector pèmisyon pou yo pataje enfòmasyon ou yo sou tretman pou dwòg e alkòl pou peman oubyen aktivite nan swen sante, destinatè a gen otorizasyon pou l pataje enfòmasyon sou tretman ou yo pou dwòg e alkòl bay sa ki gen kontra ak li, moun li angaje, oubyen reprezantan legal li yo pou peye oubyen jere operasyon swen sante yo pou li.

SEKSYON 3 Avèk kilès ou vle pou nou pataje enfòmasyon yo?

Ekri non YON SÈL moun oubyen òganism nan seksyon sila. Se pou w ranpli yon lòt fòm PSI si w vle nonmen plis pase yon moun oubyen òganism. MassHealth e Health Connector gendwa pataje enfòmasyon ki make nan **Seksyon 2** avèk

Non moun oubyen òganism lan

Pou (non moun nan òganism lan ki pou resevwa kourye a)

Ri a	Vil	Eta	Zip
Nimewo telefòn (fakiltatif)		Imèl (fakiltatif)	

Fen otorizasyon an: PSI sa a ap fini nan 12 mwa amwenske ou ekri yon diferan dat isit la. DAT LA: _____

Note byen: PSI sa a ap fini lè manm ki site nan Seksyon 1 an mouri si sa fèt anvan dat ki make anwo a.

SEKSYON 4 Siyati aplikan an oubyen manm lan, oubyen reprezantan ki legalman deziyen pou li

Mwen konprann e mwen sètifye sa ki annapre a.

- Lè moun oubyen òganism ki site nan **Seksyon 3** a resevwa enfòmasyon sa yo nan men MassHealth oubyen Health Connector, li gendwa pataje yo avèk lòt san m pa bay pèmision pou l fè sa. Si li pataje enfòmasyon sa yo, lwa federal e eta sou konfidansyalite yo gendwa pa pwoteje enfòmasyon yo.
- Mwen dwe soumèt PSI sa a nan youn nan metòd ki make nan **Seksyon 5**.
- Mwen gendwa anile pèmision sa a nenpòt lè depi mwen voye yon lòt bay:
Health Insurance Processing Center
PO Box 4405
Taunton, MA 02780
- MassHealth, Massachusetts Health Connector, e Health Safety Net, nan kad pwosesis admisiblite e enskripsyon an, gendwa voye avi ki gen enfòmasyon pèsònèl nan yo sou moun ki nan aplikasyon mwen an bay moun oubyen òganism ki nan Seksyon 3 a, oubyen kominike ba yo enfòmasyon konsa yo yon lòt jan. Enfòmasyon sa yo gendwa gen nan yo dosye oubyen done sou moun ki nan aplikasyon mwen an ki soti nan sous done e pwogram federal e eta, tèlke, Administrasyon sekirite sosyal (SSA), Sèvis revni entèn (IRS), Depatman sekirite entèn (DHS), Depatman revni (DOR), e Rejis veyikil ki gen motè (RMV), ansanm ak sous done prive, tankou enstitisyon finansyè. Enfòmasyon sa yo ka itilize 1) pou prèv tout enfòmasyon ki nan aplikasyon mwen an e tout sipleman yo, oubyen lòt enfòmasyon ki soumèt lè yon moun vin manm, 2) pou dokimante sèvis medikal ki reklame oubyen founi bay moun sa yo, e 3) pou sipòte admisiblite kontini.
- Mwen enfòm oubyen mwen pral enfòmè tout moun ki make sou aplikasyon sila (oubyen paran oubyen reprezantan legalman otorize li a, si genyen) sou devwa, responsablite, e aksè nan enfòmasyon moun oubyen òganism ki make nan Seksyon 3 pral gen pou yo ka konprann yo.
- Si mwen anile pèmision sa a, swa MassHealth oswa Health Connector pa ka reprann okenn enfòmasyon ki pataje pandan li te gen pèmision mwen an.
- Desizyon mwen an pou itilize fòm sa a p ap gen konsekans sou benefis MassHealth mwen yo oubyen Health Connector mwen yo.
- Nan sèten sikonstans, MassHealth e Health Connector gendwa pa ka pataje enfòmasyon yo.
- Manm lan, moun otorize a, oubyen òganism lan ka nenpòt lè anile demann sa a.

Non aplikan an oubyen manm lan (ekri avèk lèt detache)

Non moun k ap ranpli fòm sa a ekri avèk lèt detache, si se pa aplikan an oubyen manm lan _____

Otorizasyon moun k ap ranpli fòm sa a pou l aji onon aplikan an oubyen manm lan _____

Siyati aplikan an oubyen manm lan, oubyen reprezantan ki legalman deziyen pou li

Dat la _____

Yon reprezantan ki deziyen legalman se yon moun ki resevwa otorizasyon pou l aji onon aplikan an oubyen manm lan e ki gen dokimantasyon legal kòm prèv. Si moun k ap ranpli fòm sa a se yon reprezantan ki deziyen legalman (tankou yon paran yon timoun minè, yon reprezantan admisib pou l otorize, oubyen yon responsab legal yon tribinal oubyen pwokirasyon deziyen), se pou yon kopi dokiman legal ki koresponn lan ansanm ak fòm lan.

SEKSYON 5 Soumèt fòm sila

Voye fom sa a pa lapòs bay: Health Insurance Processing Center.
PO Box 4405
Taunton, MA 02780

Faks (857) 323-8300

Soumèt fòm lan an pèsòn nan MassHealth Enrollment Centers.